

Mizajou nan Inivèsite a sou Lavi an Fratènite ak Santiman Fratènèl

15 mas 2024

Chè kominote inivèsité,

Nan jou Samdi 1mye Mas la, Depatman Lavi an Fratènite ak Santiman Fratènèl (Department of Fraternity and Sorority Life, DFSL) Inivèsite a ak Biwo k ap jere kesyon Konpòtman Elèv (Office of Student Conduct, OSC) yo kanpe aktivite nouvo manm konsèy Entèfratènèl (Interfraternity Council, IFC) la ak Asosyasyon Panelenik (Panhellenic Association, PHA) la ansanm ak aktivite sosyal kote ki te gen Alkòl yo. Tout lòt aktivite yo, ni aktivite charite yo, reyinyon sèvis yo ak seksyon yo te jwenn otorizasyon pou kontinye avèk yo jan yo te prevwa sa.

Kisa ki Dèyè Aksyon nou yo?

Se yon seri plent n ap resewa ki deklanntche poz tanporè ak limit sa a, pandan yon peryòd ki pa twò long, konsènan kèk vye konpòtman ki bay kè kase ansyen manm yo genyen ak nouvo yo nan fè yo fè kèk vye pratik pou imilye yo kòm moun ki fenk vini, ak yon seri aktivite nuizib ki gen rapò ak alkòl anndan kominote Fratènite ak Santiman Fratènèl la. Konpòtman ak aktivite sa yo vin perèt kòm yon menas potansyèl kont sekirite ak byennèt manm yo nan kominote ou an. Nou rekonèt, poz tanporè konsènan kèk aktivite te gen yon efè sou manm fratènite ak santiman fratènèl nou yo, patikilyèman nouvo manm yo. Sepandan, nou te chwazi fè yon seri aksyon ki te bay sekirite ak prevansyon priyorite, nan objektif pou evalye plent sa

yo nou t ap resevwa a epi fè prevansyon pou anpeche yon gwo ensidan ki ta mennase sante ak sekirite moun rive.

Kouman Ankèt La Te Rive Abouti

Ak asistans InCompliance, yon kabinè konsèy ki espesyalize l nan mòd verifikasyon sa yo, nou te kouri fè demach pou n te rive rasanble epi evalye enfòmasyon konsènan tout afimasyon ak plent sa yo. Pou n te rive fè sa, nou te reyalize plis pase 150 entèvyou ak lidè epi manm yo ki anndan kominote nou yo ki se IFC ak PHA. Nou te verfyè tou, fidbak moun te soumèt san yo pa t idantifye tèt yo ak temwayaj gwoup moun ki konsène yo, fanmi yo ak ansyen etidyan ki te pase anba woulo a. Nou ta renmen remèsye tout moun ki te patisipe nan pwosesis sa a.

Rezilta yo

Depi jodi a, nou leve poz tanporè nou te mete sou nouvo manm yo ak aktivite ki gen lyen ak alkòl yo, epi òdonans ki te entèdi kontak ant kèk gwoup oswa kèk moun, Inivèsite a te mete deyò jou ki te 1mye Mas 2024 la. Trann de (32) seksyon IFC ak PHA yo kapab retounen nan aktivite nòmal yo.

Aprè n fin jwenn prèv ki fè kwè konn gen vye pratik imilyasyon oswa lòt ensidan ki mennase sante ak sekirite kominote inivèsitè nou an, Inivèsite a ap kontinye investigasyon li a sou senk (5) seksyon atravè Biwo Konpòtman Etidyan yo. Seksyon sa yo ap kontinye rete anba restriksyon ki limite sou aktivite yo konn ap fè pandan investigasyon yo ap kontinye. Epitou, si yon etidyan oswa nenpòt moun gen konpòtman ki vyole Kòd Konduit Etidyan yo, nou kapab soumèt yon ranvwa pou elèv la bay Biwo pou Konduit Elèv yo (Office of Student Conduct).

Pwochen Etap

Pou tout fratènite ak santiman fratènèl yo, nou rete pridan, vijilan epi nou trè angaje nan sa ki gen pou wè ak sekirite epi byennèt. Evalyasyon an revele preyokipasyon k ap kontinye anndan seksyon IFC ak PHA yo, ki, selon sa n kwè, bezwen yon evalyasyon ki pi konplè epi ki pi delibere sou lavi an fratènite ak santiman fratènèl. Nou vle valorize plizyè aspè pozitif nan seksyon fratènite ak santiman fratènèl nou yo epi mete baz pou lavi ka fleri nan pati enpòtan sa a anndan inivèsite a. Pou n fini, n ap pran mezi imedya sa yo:

- **Gwoup Travay sou Lavi an Fratènite ak Santiman Fratènèl** – Nou pral rasanble yon gwoup travay k ap gen etidyan, pèsònèl, pwofesè, ak ansyen etidyan pou evalye fason yo ka amelyore sekirite ak byennèt, epi ankouraje yon kilti entegrite ak reponsablite.
- **Egzamine Fòmasyon an** – Nou pral fè yon egzaminasyon konplè sou tout pwogram fòmasyon ki egziste nan IFC ak PHA konsènan rekritman ak aktivite ki gen lyen ak alkòl yo pou n ka konble vid yo epi pou n ranfòse konpòtman ki bon pou lasante yo.
- **Plent** – Nou pral etabli yon fòmil elaji pou etidyan yo, pèsònèl yo, fanmi yo, ak ansyen etidyan yo ka pote plent, pou yo ka pataje enfòmasyon menm kote yo wè yon ka kote yon moun ta gen vye konpòtman imilyan anvè yon lòt oswa pou denonse lòt preyokipasyon.
- **Konpòtman Etidyan yo** – Nou pral egzamine Kòd Konpòtman Etidyan yo, nan pati ki pale sou vye konpòtman imilyan ak ensidan ki gen lyen ak alkòl yo pou nou kapab mete yo pami pi bon pratik yo.

- **Patenarya ak Kominikasyon** – Direksyon Depatman Lavi an Fratènite ak Santiman Fratènèl la ap kontinye idantifye fason pou l travay epi fasilite kominikasyon ak konseye seksyon yo epi direksyon òganizasyon nasyonal yo sou sa ki gen pou wè ak kominote fratènite ak santiman fratènèl nou yo.
- **Edikasyon sou Alkòl ak Lòt Dwòg** – Nou pral devlope opòtinite edikasyon ki pi konplè a epi ki baze sou vrè done pou tout manm ki nan seksyon an konsènan itilizasyon alkòl ak lòt dwòg.

Angajman San Kanpe Nou Pran An

Lavi an Fratènite ak Santiman Fratènèl te toujou yon pati esansyèl nan kanpis Inivèsite nou an depi plis pase 100 lane. Depi lè premye premye seksyon an t ap fonde a nan lane 1913, atachman nou genyen ak valè sa yo rete fò epi detèmine. Se yon angajman anvè fratènite ak santiman fratènèl, sèvis, reyisit akademik, ak charite, epi yon konviksyon sensè ki kwè fratènite ak santiman fratènèl gen potansyèl pou vin yon pati ki kapab transfòme eksperyans inivèsité a.

Nou pral kontinye travay ansanm pou n kreye epi prezève yon anviwònman ki an sante pou tout moun. San n pa twonpe n sou mo nou chwazi yo, nou pran angajman pou lavi an fratènite ak santiman fratènèl nan Inivèsite Maryland la.

Lizay,



Patricia A. Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo

Li (Pwonon feminen)